



Pou Piblikasyon Imedya: 29/11/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ÒDONE INITE KRIM RAYISAB LAPOLIS ETA A POU MENNEN ANKÈT SOU ZAK BRIGANDAY NAN COLUMBIA UNIVERSITY

Jodia Gouvènè Andrew M. Cuomo te mande Inite Krim Rayisab Lapolis Eta a (State Police Hate Crimes Unit) pou asiste nan ankèt k ap mennen nan de swastikas ak yon jouman anti-semit ke yo te jwenn yo pentire ak espres sou mi biwo yon pwofesè jwif ak ekspè nan Olokos nan Columbia Teacher's College.

“Zak anti-semit ak rayisab sa a ki te rive nan Columbia University fè mwen mal”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Aprè ensidan an, mwen kanpe ak Columbia University ak tout kominote Jwif ki New York la. M ap òdone Inite Krim Rayisab Lapolis Eta a pou asiste nan ankèt la. N ap rann sila yo ki dèyè zak sa yo responsab nan mezi total lalwa mande sa, epi n ap pase anwo rayisab sa a.”

Gouvènè Cuomo te kreye [Fòs Entèkansyon sou Krim Rayisab yo \(Hate Crimes Task Force\)](#) an 2017 pou konbat ogmantasyon nan rapò sou menas ki motive pa prejije yo, asèlman ak vyolans yo atravè Eta New York. Fòs Entèkansyon an, ki jere pa Lapolis Eta New York lan, te travay ak lidè konte yo, pwokirè distrik yo, lidè distrik eskolè yo, depatman lapolis lokal yo ak lòt pati konsène enpòtan yo pou idantifye epi mennen ankèt sou krim rayisab ki motive yo ak tandans ki gen rapò ak prejije, vilnerabilite kominote yo ak pratik diskriminatwa yo.

Nou ankouraje Nouyokè ki fè eksperyans patipri oswa diskriminasyon yo pou yo rele liy asistans gratis la nan [\(888\) 392-3644](tel:8883923644) soti 9 è a.m. rive 5 è p.m. Lendi-Vandredi oswa tèks “HATE” nan 81336. Nenpòt moun ki kwè yo te viktim yon krim oswa twouve yo an danje imedya ta dwe konpoze 911. Eta a ap ofri yon prim 5,000 dola pou enfòmasyon ki ede lakoz arestasyon ak kondanasyon yon krim lahèn.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)